AVI

Aranjman pou Gwosès nan Travay

Konfòmeman avèk Lwa sou Dwa Moun Vil New York la (NYC Human Rights Law), tout anplwayè ki gen omwen kat anplwaye, oswa omwen yon travayè nan kay, dwe fè aranjman rezonab pou moun ki ansent, ki akouche, oswa ki gen pwoblèm sante poutèt gwosès la. Aranjman sa yo se pou anplwaye yo ka kontinye travay ak/oswa repran travay yo san pèdi tan, avèk yon gwosès an sante. Lalwa egzije pou anplwayè yo fè anplwaye yo konnen alekri ki dwa yo genyen. Dokiman sa a ka sèvi pou satisfè obligasyon sa a. Poutèt sa, avi sa a dwe afiche nan travay la.

ANPLWAYÈ YO

Ou dwe mete anplas yon politik ak yon pwotokòl klè pou anplwaye w yo mande aranjman rezonab. Kolabore avèk anplwaye ki ansent ou yo pou mete nou dakò rapidman sou aranjman rezonab ki:

- Rekonèt valè kontribisyon anplwaye w la nan travay la.
- Ede anplwaye w la reponn egzijans esansyèl djòb li a.
- Kenbe li nan travay la toutotan li kapab kontinye travay.
- Reponn bezwen anplwaye w la epi pa enpoze kontrent egzajere sou biznis ou a.

Anplwayè yo dwe gen yon politik konsènan tire lèt manman ki afiche nan travay la, yo dwe bay anplwaye yo li kou yo kòmanse travay, epi si konpayi an gen entranèt, yo dwe mete politik la aksesib sou li. Men yon egzanp politik:

Lè konpayi an inyore yon demann aranjman rezonab, pran tan pou reponn li, pini oswa revoke yon anplwaye apre yon demann konsa, sa ka mennen donmaj ak enterè ak sanksyon sivil. Anplwayè yo pa gen dwa egzije prèv gwosès. Anplwayè yo ka mande atestasyon medikal sèlman si aranjman anplwaye a mande a gen konje ladan l epi pa gen lwa (vil, eta, oswa federal) ki entèdi demann sa a, sa gen ladan l Lwa sou Dwa a Konje Peye pou Rezon Sante oswa Sekirite Vil New York la (NYC Earned Safe and Sick Time Act).

ANPLWAYE YO

Si w bezwen aranjman rezonab pou kontinye travay oswa pou kenbe travay ou, ou ka fè yon demann. Men kèk egzanp, pami lòt:

- Brek (paregzanp pou ale nan twalèt, pou manje oswa bwè, oswa pou pran repo ou bezwen).
- Chanjman nan anviwònman w, tankou chèz oswa vantilatè.
- Èd nan travay ki egzijan fizikman.
- Konje oswa ajisteman nan orè w.
- Yon espas prive ak pwòp, ki pa twalèt, epi omwen 30 minit brek peye pou tire lèt manman, avèk posibilite pou sèvi avèk lòt peryòd brek/repa ou te genyen deja si 30 minit yo pa ase.
- Sèvis redui oswa transfè tanporè nan yon lòt djòb.
- Konje pou refè anba akouchman an.

Kalite aranjman rezonab ki bon pou anplwaye a dwe adapte avèk bezwen presi li, epitou avèk bezwen anplwayè a. Si yo te inyore oswa refize demann pou aranjman rezonab ou a san yo pa ba w lòt solisyon, nou ka ede w. Pou rapòte sa, kontakte Komisyon sou Dwa Moun Vil New York la (NYC Commission on Human Rights) nan 212-416-0197.

NYC.gov/HumanRights oswa rele **212-416-0197**

@NYCCHR

NYC Commission on Human Rights